

SA OU TA DWE KONNEN

Dapre lwa federal la ak lwa eta a, paran yo genyen yon responsablite legal pou yo bay pitit yo yon sipò finansye.

Yon òdonans sipò timoun se yon kontribisyon yon tribinal òdone yon paran pou l peye, pou depans yon timoun bezwen chak jou pou l viv ak pou depans medikal li jiskaske timoun nan vin yon granmoun legal.



ÈSKE OU GEN KESYON? TANPRI KONTAKTE NOU NAN:

Brooklyn:
KICSU@law.nyc.gov

Bronx:
BICSU@law.nyc.gov

Queens:
QICSU@law.nyc.gov

Manhattan
MICSU@law.nyc.gov

Staten Island
RICSU@law.nyc.gov

© Vil New York, Fevriye 2022



SÈVIS SIPÒ TIMOUN LÈ
PARAN YO AP VIV DEYÒ
ETA NEW YORK LA

INITE SIPÒ TIMOUN ANT ETA
YO POU DEPATMAN JIRIDIK VIL
NEW YORK LA PREPARE L




KIYÈS NOU YE

Divizyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi pou Vil New York la bay paran k ap viv avèk timoun lan nan zòn nan, sèvis pou zafè sipò timoun atravè Inite Sipò Timoun Ant Eta yo.

Pèsonèl Inite Sipò Timoun Ant Eta yo kapab ede paran k ap viv avèk timoun lan nan zafè sipò timoun ant eta yo nan lide pou jwenn oswa fè respekte yon òdonans sipò timoun.

Inite Sipò Timoun Ant Eta a genyen biwo nan tout senk (5) minisipalite yo.



FASON POU MANDE YON REFERANS POU DEPATMAN JIRIDIK LA

Biwo nou an bay paran k ap viv avèk timoun lan nan Vil New York la èd pou zafè sipò timoun li depoze nan lòt eta oswa lòt peyi.

Pou jwenn yon referans pou biwo nou an, paran k ap viv ak timoun nan dwe kontakte Biwo Sèvis Sipò Timoun lan. Enfòmasyon kontak pou Biwo Sèvis Sipò Timoun nan se: dcse.cseweb@dfa.state.ny.us

KIJAN NOU KAPAB EDE

Etablisman Parantaj ak Òdonans Sipò Timoun

Modifikasyon Òdonans Sipò Timoun Ki Egziste Deja

Anrejistreman Òdonans Sipò Timoun Ki Egziste Deja

Aplikasyon Òdonans Sipò Timoun Ki Egziste Deja

